

21 Septanm 2015

Chè Paran,


Asire ke chak lekòl founi elèv li yo yon anviwònman aprantisaj an sekirite se yon priyorite fondamantal pou Majistra a avèk mwen. Pandan ane edmi ki sot pase a, nou evalye kòman pou nou kreye yon pi bon kilti ak klima anndan lekòl yo, kote ansèyman ak aprantisaj kapab fèt san pwoblèm sekirite. Pou nou abouti avèk sa, apre nou fin travay an kolaborasyon sere avèk lòt ajans Vil la, patnè nan kominote yo, defansè dwa moun, direktè lekòl, pwofesè ak paran, nou adopte yon nouvo kòd disiplin *Atant sou konpòtman Vil la pou kore aprantisaj elèv Citywide Behavioral Expectations to Support Student Learning (Kòd entèvansyon ak disiplin elèv Student Intervention and Discipline Code)* an Avril ki sot pase a. Chanjman nan kòd disiplin lan ankouraje bon konpòtman elèv nan itilizasyon mezi entèvansyon, mezi ak disiplin pa etap ki pi apwopriye onivo devlopman elèv la. N ap kontinye itilize kòd disiplin sa a pandan ane akademik 2015-2016 la.

Kòd Disiplin lan fèt pou favorize yon anviwònman ankourajan lekòl kote elèv ka devlope onivo sosyal ak akademik pou garanti sekirite kominote lekòl la. Pakonsekan, tout manm kominote lekòl la— elèv, estaf, ak paran—dwe konnen ak konprann nòm konpòtman ke yo atann pou tout elèv respekte ak konsekans ki genyen si yo pa respekte nòm sa yo. Nou ankouraje w revize Kòd la epi diskite sou li avèk pitit ou a. Tout Kòd Disiplin lan disponib nan 10 lang sou entènèt nan : <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/DisciplineCode/default.htm> oswa sou fòm kopi nan lekòl pitit ou a.

Kòd disiplin lan divize an de seksyon : Seksyon A se pou klas K jiska klas 5yèm ane epi Seksyon B a se pou klas 6yèm jiska 12yèm ane. Nan chak seksyon, gen 5 nivo enfraksyon ki klase depi "Mank kolaborasyon/Konpòtman elèv ki pa respekte règleman" jiska "konpòtman vyolan," epitou seri entèvansyon onivo oryantasyon ak aksyon pou entèvni ke estaf lekòl la ka antreprann lè elèv gen konpòtman ki vyole Kòd Disiplin lan. Men entèvansyon onivo oryantasyon yo ka itilize : *counseling*, mediyasyon ak konferans pou oryantasyon. Men aksyon disiplinè yo: konferans paran, retni apre-lekòl, oswa ranvwa tanporè, depann move konpòtman an. Anplis, gen nan kòd Disiplin lan yon lwa sou Dwa ak Responsablite elèv *Bill of Student Rights and Responsibilities*. Kòd disiplin lan aplike pou tout elèv. Nou konsidere tou lòt pwoteksyon pou elèv ki gen andikap nan kòd la.

Regleman nou dekri nan kòd disiplin lan aplike pou konpòtman ki rive: nan lekòl, anvan, pandan ak apre lè lekòl ; lè elèv nan otobis NYC DOE peye ; nan evènman lekòl yo òganize ; epi nan lòt etablisman ki pa lekòl lè konpòtman sa yo deranje pwosesis edikatif la oswa mete andanje sante, sekirite, moral, oswa byennèt kominote lekòl la. Lekòl nou yo ap lite pou fè paran vin asosye avèk yo kòm kolaboratè aktif pou kenbe sekirite lekòl yo. Mèsi pou sipò ou bay pou ede fè kominote lekòl nou an vin pi bon, pi solid, ak pi ansekirite pou timoun nou yo. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri telefone lekòl pitit ou ye a.

Avèk senserite,



Chanselye